

PWOGRAM LIVREZON MANJE ABCD

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)



Salitasyon

Mèsi paske pou patisipasyon w nan Pwogram Livrezon Manje ABCD a. Atravè pwogram sa a, ou resevwa livrezon pwovizyon chak mwa soti nan Stop & Shop. Manje a livre dirèkteman lakay ou. Nou te vle voye ba w kesyon moun poze souvan yo konsènan pwogram nan. Nou vle w konnen egzakteman kijan pwogram nan fonksyone ak kisa ou dwe fè si w rankontre nenpòt pwoblèm ou ta bezwen asistans ak li.

Sensèman,

Ekip Livrezon Manje ABCD a

KONTAKTE NOU!

✉ fooddelivery@bostonabcd.org

📞 617.348.6222

🌐 bostonabcd.org/fooddelivery

Chak kilè m pral resevwa livrezon yo?

Ou pral resevwa yon livrezon yon fwa pa mwa.

Kilè livrezon yo pral kòmanse?

Livrezon yo kòmanse ale dezyèm semèn konplè nan mwa a. Espere yon apèl oswa yon imel nan men pèsonèl ABCD konsènan livrezon pwograme w la. Si w pa t resevwa yon apèl rapèl oswa imel rapèl konsènan dat livrezon pwovizyon pwograme w la, tanpri rele liy telefòn dirèk Pwogram Livrezon Manje ABCD a 617.348.6222. Youn nan espesyalis lojistik yo pral kapab asiste w.

Ki kantite manje m pral resevwa chak mwa?

Ou pral resevwa plizyè sache pwovizyon pou apeprè \$130 chak mwa.

Èske yo pral akomode restriksyon dyetetik mwen yo?

Wi, nou pral akomode restriksyon dyetetik ou yo. Lè w te aplike pou pwogram nan, ou te endike sa nan aplikasyon w lan. Si w ta renmen enfòmè nou sou restriksyon dyetetik ou yo, tanpri kontakte nou. Nou ka ansuit fè si ke bezwen w yo akomode. Manje yo nou ka bay depann de sa ki disponib nan envantè Stop & Shop la.

Ki tip manje ki nan kòmman lan?

Ou pral resevwa yon panye manje ki gen pwodui fre, pwodui letye, vyann, ak lòt machandiz esansyèl. Nou bay tou divès kalite pwodui pou netwayaj kay tankou sèvyèt papye, savon pou asyèt, papye twalèt ak eponj.

Èske se mwen ki chwazi sa m vle oswa ou genyen yon lis?

Pou premye livrezon w lan, ou pral resevwa yon meni estanda ki modifye pou satisfè bezwen dyetetik ou eksprime yo. Ou ka chanje panye w la chak mwa, men ou pa oblije fè sa. Si w pa fè okenn chanjman, ou pral resevwa menm panye ak mwa anvan an.

Èske mwen ka modifye kòmman livrezon manje mwen an?

Wi! Ou ka fè 3 - 5 chanjman nan panye w la chak mwa. Ou pa oblije fè okenn chanjman. Si w pa fè okenn chanjman, ou pral resevwa menm kòmman ak mwa anvan an. Nou pral fè tout sa nou kapab pou akomode plis demann, men nou pa ka garanti ke nou ka fè tout chanjman ou mande yo.

Kilè livrezon mwen an pral rive?

Livrezon yo anjeneral ale 2èm ak 3èm semèn konplè nan mwa a. Nou pwograme livrezon yo pou madi - vandredi nan semèn sa yo. Yo pral kontakte w pa imel, tèks oswa apèl telefònik 1 semèn davans ak dat ak lè livrezon w lan. Ou ka ansuit konfime dat ak lè a oswa repwograme livrezon an. Si w pa t resevwa yon rapèl konsènan dat livrezon manje pwograme w la, tanpri rele liy telefòn dirèk Pwogram Livrezon Manje ABCD a 617.348.6222. Youn nan espesyalis lojistik yo pral kapab asiste w.

Èske mwen oblije lakay mwen pou m resevwa livrezon an?

Wi, ou dwe lakay ou pou resevwa manje a. Stop & Shop pa pral kite manje a si ou pa la pou resevwa li. Si ou pa pral lakay ou, tanpri kontakte Ekip Livrezon Manje ABCD a pa telefòn oswa imel.

Kijan mwen ka chanje dat ak/oswa lè livrezon mwen an?

Si w ta renmen chanje dat ak lè livrezon an te pwograme a, tanpri kontakte pwogram Livrezon Manje ABCD a pa telefòn oswa imel. Nou pral travay ak ou pou pwograme livrezon an pou yon dat ak lè ki bon pou ou.

Kisa k ap rive nan jou livrezon an?

Nan jou livrezon an, ou pral bezwen lakay ou pandan fenèt livrezon an pou resevwa manje a. Lè li rive, chofè Stop & Shop la pral rele w pou fè w konnen ke li rive ak manje a. Li pral ansuit suiv enstriksyon livrezon yo epi ba ou manje a.

Èske ABCD livre manje a ban mwen oswa èske se Stop & Shop?

Stop and Shop fè livrezon manje a. ABCD fè patenarya ak Stop & Shop PeaPod epi yo bay sèvis livrezon yo. ABCD jere orè livrezon yo epi travay pou asire yon livrezon reyisi.

Èske mwen ka kontakte Stop & Shop konsènan livrezon mwen yo?

Tanpri kontakte Ekip Livrezon Manje ABCD a olye de Stop & Shop konsènan livrezon w yo. Ekip Livrezon Manje ABCD a pral kapab asiste w pi byen.

M ap tann yon livrezon jodi a, men li poko rive. Kisa m ta dwe fè?

Tanpri kontakte Ekip Livrezon Manje ABCD a pa telefòn oswa imel. Si li nan fennèt livrezon an epi ou pa t resevwa manje w la, nou ka ba ou yon lè egzat pou li rive. Si se apre fenèt livrezon an, tanpri fè nou konnen. Si nou bezwen repwograme livrezon w lan, pou kèlkeswa rezon an, nou ka sètènman ede ou.

Kisa m dwe fè si m rate livrezon mwen an?

Si w rate livrezon w lan, tanpri rele liy telefòn dirèk Pwogram Livrezon Manje ABCD a 617.348.6222. Youn nan espesyalis lojistik yo pral kapab asiste w epi pwograme yon nouvo livrezon.

Kisa m dwe fè si m genyen yon pwoblèm ak kòmman mwen an?

Ke se kòmman lan, ke se pwosesis livrezon an li menm, toujou kontakte Ekip livrezon Manje ABCD a pa telefòn oswa imel. Si ou te fè eksperyans machandiz ki manke nan kòmman ou an, machandiz ki pa nan estokaj, oswa yon bagay konsènan livrezon an. Tanpri kontakte ekip Livrezon Manje ABCD a epi fè yo konnen pwoblèm nan. Nou pral rezoud pwoblèm nan epi mete w ajou sou pwochen etap yo. Nou pral toujou akomode kliyan nou yo nan pi bon kapasite nou.

Ki moun m dwe kontakte si m genyen nenpòt kesyon, kòmantè oswa enkyetid?

Tanpri rele liy telefòn dirèk Pwogram Livrezon Manje ABCD a 617.348.6222 oswa imel fooddelivery@bostonabcd.org.

Èske ou ka akomode plizyè lang?

Wi, nou ka akomode plizyè lang. Nou genyen 1 manm pèsònèl ki pale Panyòl. Nou itilize tou yon sèvis tradiksyon nan telefòn. Nou ka fè yon konferans telefonik ak ou, yon manm ekip Livrezon Manje a ak yon entèprèt pou asiste w. Si w bezwen yon lang espesifik, tanpri fè ekip Livrezon Manje a konnen epi nou pral akomode demann ou an.

Kijan m dwe mete ajou enstriksyon livrezon mwen yo?

Si w ta renmen mete ajou enstriksyon livrezon w yo, tanpri kontakte Ekip Livrezon Manje ABCD a pa telefòn oswa imel. Ban nou enstriksyon ke ou ta renmen Stop & Shop suiv lè y ap livre manje w la.

Kijan m ka mete ajou enfòmasyon kontak mwen oswa adrès livrezon mwen an?

Si ou bezwen mete ajou enfòmasyon kontak ou oswa adrès livrezon an, tanpri kontakte Pwogram Livrezon Manje ABCD a pa telefòn oswa imel. Ban nou enfòmasyon ajou a epi nou pral mete dosye nou yo ajou kòm sadwa.

Si m ta renmen yo retire m nan pwogram nan, kisa m dwe fè?

Tanpri rele liy telefòn dirèk Pwogram Livrezon Manje ABCD a 617.348.6222 oswa voye yon imel nan fooddelivery@bostonabcd.org. Youn nan espesyalis lojistik yo pral kapab asiste w. Si nou kapab fè chanjman pou fè pwogram nan travay pi byen pou ou, tanpri fè nou konnen.